

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan**

Lokasi jeung subjék panalungtikan mangrupa tempat jeung saha anu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan, anu jadi tempat panalungtikan nya éta SMP Negeri 1 Cingambul anu merenahna di Jl. Nagarakembang No. 11 Kecamatan Cingambul Kabupaten Majalengka. Anu jadi subjék panalungtikan nya éta kelas VIII B kalayan jumlah siswana 30 urang, awéwé 14 urang jeung lalaki 16 urang.

#### **3.2 Désain Panalungtikan**

Dumasar kana masalah anu ditalungtik, métode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode kuasi ékspérimén kalayan *design pre-test jeung post-test group*. Anu dimaksud *design pre-test jeung post-test group* nya éta tés awal jeung tés ahir nu dilakukeun di kelas ékspérimén. Tés awal dilakukeun saméméh aya “perlakuan” atawa saméméh ngagunakeun modél *Debate*, ari tés ahir dilakukeun sanggeus ngagunakeun modél *Debate*. Arikunto, (2006:85) nétélakeun yén ieu désain digambarkeun saperti kieu:

0 <sub>1</sub>	X	0 <sub>2</sub>
----------------	---	----------------

Keterangan:

0<sub>1</sub> = tés awal

X = “perlakuan” anu mangrupa prosés diajar-ngajar maké modél *Debate*

0<sub>2</sub> = tés ahir

#### **3.3 Métode Panalungtikan**

Métode panalungtikan mangrupa hiji cara ilmiah pikeun nyangking data kalawan tujuan tur kagunaan anu tangtu. Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode kuasi ékspérimén. Anu tujuanna pikeun ngukur pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita, kumaha pangaweruh jeung Rahardiani Mu’minati Dewi, 2013

**MODÉL DEBATE PIKEUN NGARONJATKEUN PANGAWERUH JEUNG KAMAMPUH MAKÉ UNDAK USUK BASA SUNDA DINA NYARITA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII B SMPN 1 Cingambul Majalengka Taun Ajar 2012/2013)**

kamampuhna saacan jeung sanggeus maké modél *Debate*, naha ngaronjat atawa henteu.

Kamampuh siswa téh diukur dua kali, nya éta saacan jeung sanggeus dibéré “perlakuan” ku cara maké modél *Debate*. Cara ngukur pangaweruh jeung kamampuh siswa maké Undak Usuk Basa Sunda saacan dibéré “perlakuan” disebutna pretés (tés awal), sedengkeun cara ngukur pangaweruh jeung kamampuh siswa maké Undak Usuk Basa Sunda sanggeus dibéré “perlakuan” disebutna postés (tés ahir).

Léngkah-léngkah panalungtikan anu dilaksanakeun téh nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Ngumpulkeun informasi anu ngawengku nalungtik masalah anu rék ditalungtik nya éta pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita.
- 2) Ngararancang panalungtikan, anu ngawengku (1) nangtukeun tujuan anu rék dihontal tina prosés diajar-ngajar, (2) nangtukeun matéri pangajaran, (3) nangtukeun modél jeung léngkah-léngkah pangajaran, jeung (4) nangtukeun alat évaluasi.
- 3) Ngujikeun modél *Debate* ku cara métode kuasi éksperimén.
- 4) Nyusun laporan hasil panalungtikan.

### 3.4 Wangenan Opérasional

Sangkan leuwih jéntré jeung teu lésot tina udagan, perlu ayana wangenan istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, sakumaha ditétélakeun di luhur. Panalungtikan ieu dibéré judul “*Modél Debate pikeun Ngaronjatkeun Pangaweruh jeung Kamampuh Maké Undak Usuk Basa Sunda dina Nyarita (Studi Kuasi “Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII B SMPN 1 Cingambul-Majalengka Taun Ajar 2012/2013)*”

## 1) Modél *Debate*

Modél *Debate* mangrupa salah sahiji tina modél pangajaran anu matéri ajarna dipilih jeung diruntuykeun jadi pakét pro jeung kontra pikeun ngabahas hiji pasualan anu geus ditangtukeun ku guru. Dina hiji kelas dibagi jadi sababaraha kelompok nya éta kelompok pro kana pasualan anu geus ditangtukeun tadi, jeung kelompok kontra atawa bisa disebut ogé kelompok nu teu satuju kana pasualan éta. Kelompok pro mertahankeun arguménna, ulah nepika argumén éta kapangaruhan ku argumén ti kelompok kontra, kitu ogé sabalikna kelompok kontra mertahankeun arguménna, ulah nepika kelompok kontra kapangaruhan ku argumén ti kelompok pro. Salian ti éta tugas kelompok kontra téh lain mertahankeun waé tapi kudu bisa mangaruh argumén kelompok pro sangkan kelompok pro teu bisa mertahankeun arguménna.

## 2) Pangaweruh Undak Usuk Basa Sunda

Undak Usuk Basa, anu disebut ogé tatakrama basa téh mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Ieu sopan santun geus disaluyuan jeung diajénan jadi hiji kahadéan ku masarakat pikeun silih ajénan jeung silih hormat antar hiji jalma jeung jalma lianna.

Undak Usuk Basa dijadikeun hiji sistem nya éta sistem maké ragam basa (ragam basa hormat jeung ragam basa loma) anu raket pisan patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, jeung kontak antara panyatur jeung panggregep katut jalma anu dicaritakeun dina caritaanana.

Pangaweruh undak usuk basa téh dihartikeun minangka kumaha pangaweruh hiji jalma kana Undak Usuk Basa Sunda, naha manéhna apal kana omongan anu dipaké nalika komunikasi sapopoé, geus maké undak usuk basa atawa acan. Sanggeus manéhna apal kana Undak Usuk Basa Sunda téh, naha dipaké dina komunikasi sapopoé atawa ngan saukur jadi pangaweruh.

### 3) Kamampuh Maké Undak Usuk Basa Sunda dina Nyarita

Kamampuh nyarita nya éta kamampuh ngucapkeun sora-sora artikulasi atawa kecap-kecap pikeun ngaéksprésikeun, nétélakeun sarta nepikeun pikiran, gagasan jeung perasaan. Kamampuh nyarita maké basa Sunda ieu tangtuna dipangaruhan ku pangaweruh Undak Usuk Basa Sunda. Upama pangaweruh kana Undak Usuk Basa Sunda hadé tangtu kamampuh nyaritana ogé hadé boh ka sahandapeun, ka sapantaran atawa ka saluhureun.

Undak Usuk Basa Sunda enas-enasna mah aya dua tingkatan, nya éta basa hormat (lemes keur sorangan jeung lemes keur batur) jeung basa loma (biasa). Basa hormat dipaké nalika ngomong jeung jalma saluhureun, aya dua rupa basa hormat nya éta basa lemes keur sorangan jeung basa lemes keur batur. Basa loma dipaké nalika ngomong jeung jalma sapantaran atawa sahandapeun. Aya ogé basa kasar nya éta basa anu teu pantes diucapkeun boh nalika ngomong jeung sahandapeun atawa saluhureun, biasana basa kasar ieu dipaké nalika ngambek.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina panalungtikan mangrupa alat anu kacida diperlukan, lantaran hasil panalungtikan téh dipangaruhan pisan ku instrumén anu dipaké. Dina ieu panalungtikan, salian ti maké paréntah anu mangrupa tés nyarita maké undak usuk basa pikeun maluruh hasil nyarita siswa maké Undak Usuk Basa Sunda, dilakukeun ogé téhnik obsérvasi langsung ka kelas nalika prosés kagiatan diajar lumangsung.

Tés pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita dilakukeun pikeun ngumpulkeun data, nya éta pikeun ngukur kamampuh siswa maké undak usuk basa, tés anu dilakukeun dina ieu panalungtikan téh nya éta pretés jeung postés.

## 1) Pretés

Prétés mangrupa tés anu mimiti saaacan siswa dibéré “perlakuan”, léngkah-léngkahna nya éta saperti ieu di handap.

- Guru ngabagi kelompok.
- Guru méré informasi heula ka siswa ngeunaan matéri diskusi.
- Guru nangtukeun hiji téma.
- Siswa ngadiskusikeun hiji masalah.
- Perwakilan ti kelompok nepikeun kamandangna.
- Guru nyindekkeun hasil diskusi.
- Guru ngaévaluasi kagiatan diajar.

## 2) Postés

Postés nya éta tés anu dilakukeun sanggeus murid meunang “perlakuan”, léngkah-léngkahna nya éta saperti ieu di handap.

- Guru ngabagi siswa jadi kéléloppok debat, kelompok pro jeung kelompok kontra.
- Guru méré pancén ka siswa pikeun maca matéri anu baris didebatkeun ku kelompok.
- Sanggeus réngsé maca matéri nu baris didebatkeun, guru nunjuk salah sahiji siswa ti anggota kelompok pro pikeun nepikeun arguménna. Harita kénéh, argumén ti kelompok pro dibales ku argumén-argumén ti kelompok kontra. Kitu ogé saterusna nepika kabéh siswa bisa nepikeun arguménna.
- Nalika siswa nepikeun arguménna, guru nuliskeun paguneman siswa jeung nuliskeun inti/idé-idé anu ditepikeun ku siswa, nepika nyampak sababaraha idé anu dipiharep ku guru.
- Guru nambahán konsép atawa idé anu can aya.

- Tina catetan guru tadi, guru jeung siswa nyindekkeun pangajaran anu madoman kana topik anu baris dihontal.



Rahardiani Mu'minati Dewi, 2013

MODÉL DEBATE PIKEUN NGARONJATKEUN PANGAWERUH JEUNG KAMAMPUH MAKÉ UNDAK USUK  
BASA SUNDA DINA NYARITA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII B SMPN 1 Cingambul  
Majalengka Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

### 3.5.1 Tés Lisan

Tés lisan mangrupa cara anu dipaké sangkan siswa nyarita dihareupeun siswa séjén. Hal ieu miboga maksud pikeun ningali jeung ngukur kamampuh siswa maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita. Ieu panalungtikan maké instrumén mangrupa format meunteun kamampuh nyarita saperti ieu di handap.

**Tabél 3.1**  
**Kisi-Kisi Kritéria anu Diajén**

No.	Aspék Anu Diajén
1.	Hubungan eusi anu dipedar
2.	Undak Usuk Basa Sunda
3.	Gaya nyarita
4.	Kalancaran nyarita
5.	Adegan basa jeung kabeungharan kecap

**Tabél 3.2**  
**Format Meunteun**

No.	Aspék Anu Diajén	Skala Nilai					Skor
		6	7	8	9	10	
1	2	3	4	5	6	7	8
1.	Hubungan eusi anu dipedar <ul style="list-style-type: none"><li>• Kacangking henteuna matéri</li><li>• Patalina eusi jeung topik</li><li>• Eusi pedaran saluyu jeung nu ditugaskeun</li></ul>						
2.	Undak Usuk Basa Sunda <ul style="list-style-type: none"><li>• Pamakéan kecap hormat (keur sorangan jeung keur batur)</li><li>• Pamakéan kecap loma</li><li>• Pamakéan kecap kasar</li></ul>						

1	2	3	4	5	6	7	8
3.	Gaya Nyarita <ul style="list-style-type: none"> <li>• Gestur (rengkak/pasemon)</li> <li>• Gaya nyarita (arogan, sopan, wajar)</li> <li>• Ngabagi perhatian (teu museur ka hiji titik)</li> <li>• Tampilan (gaya, kapantesan, karapihan)</li> </ul>						
4.	Kalancaran nyarita <ul style="list-style-type: none"> <li>• Wirahma, intonasi jeung lentong</li> <li>• Écés dina nyarita</li> <li>• Volume sora</li> </ul>						
5.	Adegan basa jeung kabeungharan kecap <ul style="list-style-type: none"> <li>• Milih kecap/diksi/kabeungharan kecap</li> <li>• Struktur kalimah merenah</li> <li>• Paselapna kecap tina basa Indonesia</li> </ul>						
<b>Jumlah</b>							

### 3.5.2 Obsérvasi

Instrumén anu dipaké nya éta padoman obsérvasi ieu di handap.

**Tabél 3.3**  
**Padoman Obsérvasi**

No.	Aktivitas Diajar	Éfektifitas		Keterangan
		Éfektif	Teu Éfektif	
1.	Guru nepikeun matéri pangajaran nyarita dina diskusi			
2.	Tés kamampuh siswa dina nyarita ngagunakeun Undak Usuk Basa Sunda (pretés)			
3.	Guru méré conto cara-cara nyarita anu bener			
4.	Guru méré conto kekecapan Undak Usuk Basa Sunda			
5.	Tés kamampuh siswa dina nyarita ngagunakeun modél <i>Debate</i>			

### 3.6 Téhnik Panalungtikan

#### 3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta tés jeung obsérvasi.

- 1) Tés, Tehnik tés anu dipaké dina ieu panalungtikan téh tujuanna pikeun meunangkeun data saacan jeung sanggeus dibéré “perlakuan” ka siswa dina prosés diajar-ngajar pangajaran nyarita. Biasana dina téknis téh dipaké tés awal maksudna pikeun mikanyaho gambaran awal pangaweruh jeung kamampuh siswa maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita saacan dibéré

téori ngeunaan Undak Usuk Basa Sunda jeung cara-cara nyarita anu bener. Sedengkeun tés ahir dilaksanakeun pikeun mikanyaho gambaran hasil diajar siswa sanggeus uji coba pangajaran nyarita maké Undak Usuk Basa Sunda anu maké modél *Debate*. Nalika siswa keur nyarita, caritaanana ditulis ku guru jeung ku panalungtik, sanggeus meunang kekecapanan tuluy dianalisis undak usuk basana tur kekecapan anu dianggap teu cocok.

2) Obsérvasi, nya éta pangamatan sistematis anu dilakukeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data anu kakontrol validitas jeung réabilitasna.

### 3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu ditalungtik mangrupa paguneman antarpanyatur dina sawala debat. Data anu kakumpul, tuluy diolah kalawan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Ngaidéntifikasi data kalawan méré tanda tuturan siswa
- 2) Hasil idéntifikasi ditulis tuluy dianalisis
- 3) Nganalisisna dumasar kana Undak Usuk Basa Sunda tur kekecapan anu teu cocok
- 4) Nyindekkeun data nu geus dianalisis

### 3.6.3 Nguji Sipat Data

Pikeun ngabuktikeun hipotésis perlu ayana sipat data. Data anu diuji téh nya éta antara skor tés awal jeung skor tés ahir. Pangna anu diuji téh nya éta antara skor tés awal jeung skor tés ahir, lantaran ieu panalungtikan téh nyungsi perkara pangaweruh jeung kamampuh maké Undak Usuk Basa Sunda dina nyarita anu maké modél *Debate*.

Nguji sipat data diwangun ku tilu léngkah gawé nya éta (1) uji normalitas, (2) uji homogénitas, jeung (3) uji hipotésis.

#### 3.6.3.1 Uji Normalitas

Uji normalitas tujuanna pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal. salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh rata-rata, pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sipat anu normal atawa teu normal, bisa maké rumus *chi kuadrat* ( $\chi^2$ ).

Saméméh maké rumus *chi kuadrat*, léngkah-léngkah nu kudu dilaksanakeun saperti ieu di handap.

1) Ngitung batas-batas interval

- Nangtukeun rentang skor kalawan rumus:

$$r = \text{skor pangluhurna-skor panghandapna}$$

- Nangtukeun jumlah kelas interval (K) ngagunakeun rumus:

$$K = 1 + 33 \log N$$

- Nangtukeun panjangna kelas interval (P) ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{r}{K}$$

2) Nyieun tabél Distribusi Frékuénsi peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan maké ieu tabél:

#### **Format Distribusi Frékuénsi Peunteun Pratés jeung Postés**

No	Kelas Interval	$f_i$	$x_i$	$x_i^2$	$f_i \cdot x_i$	$f_i \cdot x_i^2$
1.						
2.						
3.						
4.						
5.						
<b>Jumlah</b>						

3) Pikeun ngitung rata-rata (mean) skor maké rumus:

$$\bar{X} = \frac{\sum f_i \cdot x_i}{\sum f_i}$$

Keterangan:

- $X$  = rata-rata (mean)
- $\sum$  = jumlah
- $f_i$  = jumlah data
- $x_i$  = nilai tengah

(Sudjana, 1992:70)

- 4) Ngitung Standar Déviasi (SD) maké rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{N(\sum fx^2) - (\sum fx)^2}{N(N-1)}}$$

(Sudjana, 1992:95)

- 5) Ngitung Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi. Carana nya éta saperti ieu di handap.

- a) Nyieun tabél Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

**Format Frekuénsi Obsérvasi jeung  
Frekuénsi Ékspéktasi Pratés jeung Postés**

Intérväl	$O_i$	BK	$Z_{itung1}$	$Z_{itung2}$	$Z_{tabel1}$	$Z_{tabel2}$	L	$E_i$	$x^2$
<b>Jumlah</b>									

- b) Nangtukeun  $O_i$  (Frekuénsi Obsérvasi)
- c) Nangtukeun batas kelas interval (BK)
- d) Ngitung  $z_{itung}$  (transformasi normal standar bébas kelas)

$$z = \frac{(bk - \bar{x})}{s}$$

- e) Nangtukeun  $z_{\text{tabel}}$   
 f) Ngitung lega kelas interval  
 g) Ngitung Frékuénsi Ékspéktasi, ku cara:

$$E_i = N \times L$$

- h) Nangtukeun nilai  $\chi^2$  (*chi Kuadrat*), rumusna nya éta:

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

Keterangan:

$\chi^2$  = *Chi Kuadrat*

$O_i$  = frékuénsi obsérvasi

$E_i$  = frékuénsi anu dipiharep

- i) Nangtukeun Darajat Kabébasan (DK), Rumusna nya éta:

$$DK = K - 3$$

(Sudjana, 1992:293)

- j) Nangtukeun harga  $\chi^2_{\text{tabel}}$   
 k) Nangtukeun normalitas dumasar kritéria:  
 -  $\chi^2_{\text{itung}} < \chi^2_{\text{tabel}}$  hartina distribusi data normal  
 -  $\chi^2_{\text{itung}} > \chi^2_{\text{tabel}}$  hartina distribusi data teu normal

(Arikunto, 2006:320)

### 3.6.3.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén henteuna variansi sampel tina populasi anu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna, nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

1) Ngitung Variansi ( $S^2$ )

- Variansi tés awal

$$S_1 = \frac{N \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{N(N-1)}$$

- Variansi tés ahir

$$S_2 = \frac{N \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{N(N-1)}$$

(Sudjana, 1992:95)

2) Ngitung harga variansi ( $f$ ), maké rumus:

$$f_{hit} = \frac{S^2 b}{S^2 k}$$

3) Ngitung derajat kabebasan (DK), rumusna nya éta:

$$DK = N - 1$$

4) Nangtukeun harga  $f_{tabel}$

5) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria:

- $f_{itung} < f_{tabel}$  tabel variansi sampel homogén
- $f_{itung} > f_{tabel}$  tabel variansi sampel teu homogén

(Sudjana, 1992:250)

### 3.6.3.3 Uji Hipotésis

Dina nguji hipotésis, kudu ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

1) Nyieun tabél, pikeun ngasupkeun rata-rata hasil pretés jeung postés.

Rahardiani Mu'minati Dewi, 2013

*MODÉL DEBATE PIKEUN NGARONJATKEUN PANGAWERUH JEUNG KAMAMPUH MAKÉ UNDAK USUK  
BASA SUNDA DINA NYARITA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII B SMPN 1 Cingambul  
Majalengka Taun Ajar 2012/2013)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### Format Rata-Rata Hasil Pretés jeung Postés

No.	Wasta	Hasil Pretés	Hasil Postés	d	$d^2$
1.					
2.					
3.					
4.					
5.					
<b>Jumlah</b>					

- 2) Ngitung rata-rata (mean) tina bédá antara pretés jeung postés. Rumusna nya éta:

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

- 3) Ngitung darajat kabébasan (DK), maké rumus:

$$DK = N - 1$$

- 4) Ngitung jumlah Kuadrat Déviasi, rumusna nya éta:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

- 5) Ngitung t, rumusna nya éta:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

Keterangan:

t = té signifikasi

Md = rata-rata (mean) tina bédá antara hasil pretés jeung postés

$$\sum x^2 d = \text{jumlah Kuadrat Déviasi}$$
$$N = \text{jumlah subjék dina sampel}$$

- 6) Nangtukeun  $t_{\text{tabel}}$
- 7) Dina nguji hipotésis ditingali tina hasil tés ahir siswa anu ditalungtik (éksperimén). Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria anu dipaké nya éta ( $H_1$ ) ditarima ( $H_0$ ) ditolak lamun  $t_{\text{itung}} > t_{\text{tabel}}$  jeung ( $H_1$ ) ditolak ( $H_0$ ) ditarima lamun  $t_{\text{itung}} < t_{\text{tabel}}$ .



Rahardiani Mu'minati Dewi, 2013

MODÉL DEBATE PIKEUN NGARONJATKEUN PANGAWERUH JEUNG KAMAMPUH MAKÉ UNDAK USUK  
BASA SUNDA DINA NYARITA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII B SMPN 1 Cingambul  
Majalengka Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu